

Biwo Elèv yo, Avansman Fanmi & Kominote a  
Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi & Kominote a  
Bruce C. Bolling Municipal Building  
2300 Washington Street  
Roxbury, Massachusetts 02119

617-635-9660

mroberts@bostonpublicschools.org  
www.bostonpublicschools.org

## **MEMORANDÒM**

**POU:** Komite Lekòl la

**APATI:** Brian Marques, Direktè Prensipal Opportunity Youth

**CC:** Sirentandan Brenda Cassellius  
Chèf Pèsonèl Mary Dillman  
Konseye Prensipal Megan Costello

**DAT:** lundì 29 mars 2021

**OBJÈ:** **Politik ak Pwosedè Prezans nan Ane Lekòl 21-22 Revize**

Politik Prezans distri a fondamantal pou asire ekite nan fason nou soutni, motive, ak angaje elèv ki pi vilnerab nou yo pou patisipe konplètman ak pwofite nan edikasyon yo. Elèv ki pi majinalize nou yo gen to absanteyism kwonik ki pi wo pase kamarad yo, ki enkli elèv Nwa ak Latino, aprean lang anglè yo, elèv ki andikape yo, ak elèv ki defavorize ekonomikman yo oubyen ki nan sitiwayon zanzabri yo. Nan ane lekòl aktyèl la, elèv Nwa ak Latino yo gen yon to absanteyism kwonik ki 6% pi wo pase mwayèn nan echèl distri a. Aprenan anglè yo ak elèv ki gen IEP yo egalman 3% ak 11% pi wo respèktivman.

### **Istorisite**

Istoriyman, Lwa Jeneral Massachusetts (Massachusetts General Law, M.G.L.) ak politik distri BPS la te apiye sou menas pinisyon pou disuade fèb prezans. Rechèch kontanporèn nan demontre pinisyon pa yon repons efikas ak fèb prezans ([Absans Kwonik: Brize Mit yo](#)). Yon rechèch ki te kondui pa yon lidè opinyon nasyonal, [AttendanceWorks](#), endike lè nou redui absanteyism kwonik bezwen rezolisyon pwoblèm ak sipò, men se pa blam ak pinisyon. Sepandan, divès eleman pinisyon yo rete ankre nan politik distri a. Pa egzanp, yon politik alontèm pèmèt lekòl yo ofri divès nòt "San Kredi" pou elèv ki rate kat oubyen plis absans nan yon peryòd notasyon, kèlkeswa si elèv la te satisfè ou pa ak egzijans yo nan kesyon konpetans ki nesèsè pou reyisi kou a.

Anplis, politik prezans BPS te konsève yon langaj ki kriminalize elèv yo. Sa ki te pi frappe a, se itilizasyon tèm "Delinkan" nan kèk egzanp. Massachusetts te pase divès etap pou dekriminalize lwa sou absanteyism. Nan 7 Out 2012, Gouvènè Patrick te pwomilge pwojè lwa refòm CHINS (S.2410, Lwa ki Konsènan Timoun ak Fanmi ki Angaje nan Fanmi nan Divès Sèvis) konsa ki bay ak divès milye jèn a risk e ak fanmi yo yon aksè dirèk ak èd e ak sèvis nan kominote yo. CHINS sinyifi *Timoun ki Bezwen Sèvis*; epi refere ak sistèm ak sa paran yo, lekòl yo ak lapolis te mande èd lè yon timoun te prezante yon konpòtman a risk elve ak potansyèlman danjere. Ide a se te lè yo depoze yon petisyon CHINS, oubyen 'CHINS', yon timoun t'ap genyen aksè ak èd e sèvis ki kapab amelyore konpòtman, soutni timoun nan epi ede yo evite ensidan alavni avèk sistèm jistis kriminel la. Sepandan, nan majorite ka, se pa konsa pwosesis la dewoule.

'Timoun CHINS yo' te dezinye jèn nan majorite ka ki te konfwonte ak pwoblèm grav, tankou toksikomani, pwoblèm sante mantal, vyolans domestik, ak abi seksyèl. Yo te bezwen sèvis ak soutyen, men anba pwosesis CHINS nan, sistèm jistis jèn nan te sèl opsyon yo pou jwenn èd. Timoun nan ak fanmi an te ale nan tribinal pou mande èd pou rete yon fanmi epi avèk yon frekans ki alamant, te rive dechire. Sa te gen yon enpak emosyonèl enpòtan, negatif sou vi yo. Lwa Refòm nan te transfòme sistèm jidisyè pou minè yo an yon sistèm kominotè akse sou fanmi ak timoun epi te adopte tèminoloji Tmoun Ki Bezwen Èd (Child Requiring Assistance, CRA) pou ranplase "CHINS."

Malgre sa, itilizasyon tèm "delenkan abityèl nan lekòl la (Habitual School Offender, HSO);" se yon tip espesifik CRA, pa Tribinal Jivenil nan Suffolk County (Suffolk County Juvenile Court, SCJC). Pa konsekan, tèm *delenkan* te kontinye parèt nan politik prezans BPS la an relasyon ak elèv BPS yo. Malgre mesaj li voye ak elèv yo e ak fanmi yo sou fason sou fason distri a pèsevwa yo, tèminoloji a kontinye yon modèl sosyal pou kriminalize jèn Nwa ak Latino yo, ki kwonikman absan nan divès to ki pa pwopòsyonèlman pi elve nan BPS. Li enteresan pou note ke pandan pwosesis egzamen politik ekite prezans distri a avèk yon lantiy sou ekite rasyal, Biwo Konseye Jiridik BPS te rive konsilte konsènan opsyon pou retire "delenkan" nan politik la. Mwen te detèmine ke tèm nan "delenkan abityèl lekòl la" pa reyèlman parèt okenn kote nan estati eta yo (M.G.L.) yon jan pou, malgre itilizasyon kontinye tèm nan pa SCJC, pa t genyen anyen pou anpeche distri a elimine li konplètman nan politik prezans li an.

Lòt distri lekòl nan vil la, tankou Oakland Unified School District (OUSD), te konstate mank angajman avèk fanmi yo e ak elèv yo te vin grav paske politik prezans yo a te prensipalman reyaktif ak pinitif, ki te rive lè elèv yo te gentan abitye genyen absans enpòtan ak yon dekonèksyon an rapò ak lekòl la. Absanteyism nan lekòl se pwen entèvansyon nan majorite distri yo, men absanteyism se jeneralman yon entèvansyon nan nivo distri a ki swiv yon pwosesis jiridik ki preskri epi ki atire fanmi yo nan yon pwen kriz. Rapò a "[Yon Rega Pi Apwofondi sou Frekantasyon Gason Ameriken Afriken yo Nan OUSD](#)," te revele yon pi gwo nesosite pou pote yon pi gran atansyon ak yon prevansyon e ak yon entèvansyon sinyifikatif dèke posib aprè pwoblèm prezans yo te rive remake, epi pou yon swivi plis detaye ak nan "tan reyèl" prezans ak absans. Rechè endike lè lekòl yo elabore pwogram patenarya eskolè, famiyal ak kominotè, yo genyen nivo ki pi wo enplikasyon paran, ak to absanteyism kwonik ki redui.

### **Angajman Aksyonè yo**

Odelà de konsiderasyon politik yo, konvèzasyon yo avèk timoun nou yo te revele eleman pou pini jeneralize ki prezan nan lekòl nou yo, an patikilye pou elèv ki pi aje yo. Nan kòmansman 2019, pèsonèl biwo santral la te reyini plis pase 30 elèv segondè BPS nan Fowòm Prezans Jivenil (Youth Attendance Forum) pou jwenn pwendvi yo ak pou ba yo mwayen pou kontribye ak vizyon pratik prezans nan distri a. Fowòm nan te revele yon santiman koyeran pami elèv ki te pale de eksperyans pinitif yo nan lekòl la. Yon elèv te menm fè remake, "yo trete nou tan nou te nan yon prizon," pandan yon lòt te pataje, "yo pini nou avèk detansyon ak sispanasyon."

Yon lòt domèn preyokipasyon pami elèv yo, paran yo, ak edikatè yo se politik distri ki konvèti an reta an absans. Byenke sa pa reflekte nan okenn estati absanteyism MEG.L., se yon politik long dat nan mitan BPS. Lè li asosye ak politik "okenn politik kredi," rezilta se elèv yo kapab echwe nan yon kou akòz de reta ki konvèti an absans. Non sèlman politik sa pa reflekte okenn kote nan M.G.L., li kontrè egalman ak direktiv deklarasyon prezans DESE, kote gen ladan l, elèv ki prezan 50% oubyen plis nan jou lekòl yo make prezan. Yon lòt fwa, fidbak kominote a te revele divès inegalite jeneralize nan aplikasyon dispozisyon politik la, epi li fè enpak yon jan dispwopòsyone sou elèv Nwa ak Latino yo.

## **Analiz Done yo**

Yon [analiz](#) resan “Okenn Politik Kredi” te revele inegalite jeneralize nan aplikasyon politik sa. Pandan li te etabli ke pousantaj okenn nòt atribye ak elèv gwoup vilnerab yo, ki genyen elèv nan sitiyasyon sanzabri yo, elèv ki gen andikap yo, ak aprenan anglè yo, pa t diferan yon jan sinyifikatif de reprezantasyon pwopòsyonèl yo, li te revele elèv Nwa yo te pwòch 24% pi siseptib pou yo atribye yo yon nòt san kredi pandan premye peryòd notasyon ane lekòl 2020-21 an. Sa k te pi twoublan, se te nan mezi yo pa t aplike politik la yon jan inifòm nan lekòl yo. Sèlman anviwon mwatye lekòl segondè BPS yo ki te swiv pratik ki te genyen pou yo pa akòde okenn nòt kredi ak elèv yo, epi kantite elèv pa lekòl te varye soti nan 1 rive 284.

## **Enpak Politik la**

Pwopozisyon sa pral elimine dispozisyon nan politik prezans ki te pèpetye inegalite rasyal ak lòt inegalite, pandan y'ap itilize yon optik ki plis afimatif kiltirèlman ak lengwistikman pou akvite prevansyon yo ak entèvansyon absanteyism yo. Komite Konsiltatif Prezans Distri a te dirije pwosesis revizyon de (2) zan, ki entegre yon angajman apwofondi pati prenan yo ak yon analiz done yo. Politik prezans revize a pral alinye pi byen sou pratik antirasis yo, epi ki soutni kiltirèlman ak lengwistikman pou BPS fòse kenbe yo. Anpil eleman pinitif ansyen politik la te fè enpak yon jan dispwopòsyone sou elèv Nwa ak Latino yo, egalman sou aprenan anglè yo ak sa yo ki nan Edikasyon Espesyal.